

NORWOOD PUBLIC SCHOOLS

Sa ou Dwe Konnen sou PRÈV REZIDANS

Anvan yo plase oubyen envite nenpòt elèv pou ale nan Lekòl Piblik Norwood, paran oswa reskonsab elèv la dwe pwouve rezidans legal yo nan vil Norwood. Fanmi kote rezidans prensipal yo andeyò Norwood pa elijib pou ale Lekòl Piblik Norwood. Tout aplikan dwe soumèt omwen **TWA** prèv rezidans. Dokiman yo dwe enprime a lavans ak non epi adrès paran oswa reskonsab legal elèv la epi yo dwe prezante yo nan moman enskripsyon an. Dokiman sa yo ekzijib tou pou tout chanjman adrès.

YON KAT IDANTITE AK FOTO EKZIJIB NAN MOMAN ENSKRIPSYON AN

An plis, tout aplikan dwe soumèt dokiman sa yo nan **CHAK** kolonn kap swiv yo :

Kolonn A (Ou bezwen 2 dokiman)

Kopi papyè kay AK dosye peman ipotèk ki pi resan

Kopi kontra lwaye AK dosye peman lokasyon ki pi resan

Deklarasyon sou sèman mèt kay pou afime ke ou se lokatè AK dosye peman lokasyon ki pi resan

Kopi akò Seksyon 8

Kolon B (Ou bezwen 1 dokiman)

Kopi orijinal bòdwo oubyen lòd travay nan lespas 30 jou ki sòt pase yo

Bòdwo Gaz

Bòdwo Lwil

Bòdwo Elektrisite

Bòdwo Telefòn Kay

Bòdwo Kab TV

(Nou PA aksepte bòdwo selilè oubyen bòdwo dlo/egou)

Ki date nan ane ki sòt pase a:

Anregistreman machin aktyèl

Fòm W-2 aktyèl

Bodwò "excise" taks sou machin

Bodwò taks sou pwopriyete

Ki date nan 60 jou ki pase yo:

Lèt ki soti nan ajans gouvènman apwouve

Eta kont bankè oswa kat kredi

Si yon fanmi ap pataje kay avèk yon moun oswa yon fanmi, epi yo pa peye lwaye, fanmi an ka soumèt yon lèt pwopriyete/ mèt kay oswa moun ki lwe kay la.

PLIS ENFÒMASYON SOU REZIDANS

Gad legal ekzije dokiman anplis tribinal oswa yon ajans.

Règleman sou rezidans sa **PA** aplike pou elèv ki san kay yo.

Pou plis enfòmasyon sou règleman rezidans Komite Lekòl Norwood la : www.norwood.k12.ma.us oswa 781-762-6804

RAPÒTE FROD REZIDANS BAY DIREKTÈ LEKÒL OU A